# PEDAGOGIKALIQ KONFLIKTOLOGIYADA DENE TILI

**Genjemuratova Darixa**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
**Qoylibaeva Ariwxan**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.

https://doi.org/10.5281/zenodo.18744525

***Annotaciya.*** *Usı ilimiy maqalada pedagogikalıq konfliktologiya sheńberinde dene tiliniń teoriyalıq hám ámeliy tárepleri kompleks tásirleriniń psixologiyalıq tárepleri analizlenedi.*

*Izertlewde psixologiyalıq qarım-qatnastıń bilimlendiriw procesindegi orni, oniń kelispewshiliklerdiń payda boliwi, rawajlanıwı hám konstruktivlik sheshimine tásiri ilimiy tiykarda kórsetiledi. Maqalada pedagogtıń kásiplik sheberliginiń áhmietli quram bólegi sıpatında tallanadı. Sonday-aq, dene tilin sanalı basqarıw, refleksiv talqılaw hám jaǵdayǵa beyimlestiriw kelispewshiliklerdiń aldın alıw hám salamat ruwxıy ortalıqtı qáliplestiriwdiń áhmietli basqıshlarına tiykarlanadı. Izertlew nátiyjeleri sonı kórsetti, pedagogikalıq jumısta emocional intellekt, empatiya hám kommunikativlik mádeniyattı rawajlandırıw arqalı kelispewshilik jaǵdayların psixologiyalıq jaqtan qáwipsiz ortalıqta támiyinlew múmkin.*

***Tayanish sózler:*** *Pedagogikalıq konfliktologiya, dene tili, konflikt dinamikasi, empatiya, refleksiya, pedagogikalıq baylanıs, psixologiyalıq qáwipsizlik, psixologiyalıq tásir.*

# BODY LANGUAGE IN PEDAGOGICAL CONFLICTOLOGY

***Abstract.*** *This scientific article analyzes the psychological aspects of the complex effects of the theoretical and practical aspects of body language within the framework of pedagogical conflictology. The study scientifically illuminates the role of psychological communication in the educational process, its influence on the emergence, development, and constructive resolution of conflicts. The article analyzes it as an important component of a teacher's professional skills.*

*Also, conscious management of body language, reflexive analysis, and adaptation to the situation are based on important stages of conflict prevention and the formation of a healthy psychological environment. The research results showed that by developing emotional intelligence, empathy, and communicative culture in pedagogical activity, it is possible to ensure conflict situations in a psychologically safe environment.*

***Keywords:*** *Pedagogical conflictology, body language, conflict dynamics, empathy, reflection, pedagogical communication, psychological safety, psychological impact.*

## Kirisiw

Pedagogikalıq konfliktologiya bilimlendiriw procesinde júzege keletuǵın qarama-qarsılıqlar, qarama-qarsılıqlar hám kelispewshiliklerdiń payda boliw sebepleri, rawajlanıw mexanizmleri hám de olardı konstruktiv basqarıw jolların úyrenetuǵın ilimiy bagdar. Zamanagóy bilimlendiriw ortalıǵında kelispewshilikler tek awızeki sóylew yamasa mazmunlı kelispewshilik nátiyjesinde júzege kelmeydi; olar kóbinese noverbal signallar, atap aytqanda, dene tili arqalı qáliplesedi yamasa kúsheyedi.

Dene tili - bul insannıń ishki ruwxıy jaǵdayı, múnásibeti hám nietin sózsiz bildiretuǵın háreketler, mimika, ım-isharalar, gewdeniń jaǵdayı, kóz qarası, aralıqtı saqlaw usılı hám dawıs tembri sıyaqlı faktorlar kompleksi bolıp tabıladı. Pedagogikalıq ortalıqta dene tiliniń áhmiyeti ayrıqsha joqarı bolıp, oqıtıwshı hám oqıwshı arasındaǵı óz-ara isenim, húrmet hám nátiyjeli qarım-qatnastı támiyinlewde sheshiwshi rol atqaradı. Bilimlendiriw procesi óz mánisine qaray quramalı sociallıq-psixologiyalıq sistema esaplanadı.

Onda shaxslar aralıq qatnasıqlar, ierarxiyalıq struktura, bahalaw mexanizmleri hám emocionallıq fon bar. Bunday ortalıqta konfliktler tábiyiy qubılıs esaplanadı. Konfliktlerdiń konstruktiv yamasa destruktiv tús alıwı kóbinese sóylesiw mádeniyatına baylanıslı boladı.

Qarım-qatnas bolsa eki tiykargı komponentten ibarat: verbal hám noverbal. Izertlewler sonı kórsetedi, adamlar óz ara baylanısta maǵlıwmattıń úlken bólegin noverbal qurallar arqalı qabıl etedi. Pedagogikalıq proceste oqıtıwshınıń bet kórinisi, qol háreketleri, turıw halatı yamasa oqıwshıǵa qarata aralıq saqlawı onıń aytıp atırǵan sózinen de kúshlirek tásir kórsetiwi múmkin.

Dene tiliniń konfliktologiyalıq áhmiyeti sonnan ibarat, ol kóbinese jasırın qarama-qarsılıqlardı júzege shıǵaradı yamasa kerisinshe, bar keskinlikti jumsartadı. Mısalı, oqıtıwshınıń qolların kókirektiń aldında ayqastırıp turıwı jabıq poziciyanı bildiredi hám oqıwshıda "meni tıńlap atırǵan joq" degen sezimdi oyatıwı múmkin. Kerisinshe, ashıq alaqan menen múrájat etiw, bastı biraz iyiw hám kóz benen baylanıs ornatıw isenim hám birge islesiw ortalıǵın jaratadı.

Solay etin, dene tili konflikttiń jasırın katalizatorı yamasa onı basqarıw quralı sıpatında kórinedi. Pedagogikalıq konfliktologiyada dene tilin úyreniw bir neshe teoriyalıq bagdarlarga súyenedi. Birinshiden, sociallıq-psixologiyalıq jaqınlasıw shaxslar aralıq qatnasıqlarda noverbal signallardıń roli hám olardıń seziliw mexanizmlerin analizleydi. Ekinshiden, kommunikativ kózqaras sóylesiw procesin sistemalı hádiyse sıpatında kórip, dene tilin informaciya jetkeriw quralı sıpatında bahalaydı. Úshinshiden, pedagogikalıq jantasıw bilim beriw procesinde noverbal minez-qulıqtıń tárbiyalıq hám basqarıw funkciyaların úyrenedi. Bul úsh baǵdardıń integraciyası pedagogikalıq konfliktologiyada dene tilin kompleksli talqılaw imkaniyatın beredi. Oqıtıwshınıń kásiplik kompetenciyasında noverbal sawatxanlıq ayrıqsha orın tutadı. Bul tek ǵana óz dene tilin basqarıw emes, al oqıwshılardıń noverbal signalların durıs talqılaw qábiletin de óz ishine aladı.

Mısalı, oqıwshınıń kózin alıp qashıwı hár dayım ayıpkerlik belgisi emes; ol uyalıwshılıq, qáweterleniw yamasa temanı túsinbewshilikten derek beriwi múmkin. Eger pedagog buni naduris talqılasa, konflikt júzege keliw itimalı artadı. Demek, dene tilin tereń biliw kelispewshiliklerdiń aldın alıwdıń áhmietli faktorı bolıp tabıladı. Dene tiliniń tiykarǵı komponentlerine mimika, gestikulyaciya, proksemika, posturologiya hám paralingvistika kiredi.

Mimika bet bulshiq etleri arqalı kórsetiletuǵın emocional jaǵdaylardı bildiredi.

Oqıtıwshınıń júzindegi biypárwalıq yamasa keskinlik oqıwshınıń motivaciyasın tómenletiwi múmkin. Konfliktologiyalıq kózqarastan qaraǵanda, dene tili úsh basqıshta kórinedi: konflikttiń aldı basqıshı, rawajlanıw basqıshı hám sheshiw basqıshı. Aldıńǵı basqıshında noverbal signallar jasırın narazılıqtı bildiredi - máselen, kóz aylandırıw, tereń gúrsiniw yaki stoldı barmaqlar menen taqıldatıw. Rawajlanıw basqıshında dene háreketleri keskinlesedi - hawaz joqarılaydı, qol háreketleri kúsheyedi, shaxslar arasındaǵı aralıq qısqaradı yamasa keskin artadı. Sheshiw basqıshında bolsa tınıshlandırıwshı ımlar, bas iyzesi, jumsaq ún konfliktti konstruktiv jolǵa baǵdarlaydı. Pedagogikalıq konfliktologiyada dene tilin basqarıw strategiyalıq jantasıwdı talap etedi.

Muǵallim eń dáslep óziniń emocional jaǵdayın qadaǵalawı zárúr. Sebebi ishki zorıǵıw tikkeley noverbal signallarda sáwlelenedi. Sonday-aq, muǵallim klass ortalıǵın baqlap, oqıwshılardıń ulıwma emocional fonın anıqlawı kerek. Eger oqıwshılar arasında tınıshsızlanıw belgileri kóbeyse, bul keleshektegi kelispewshiliktiń belgisi. Bunday jaǵdayda pedagog ashıq dene poziciyası, múláyim hawaz hám jıllı mimika arqalı ortalıqtı jumsartıwı múmkin. Usı jerde tana tili mádeniy faktorlarǵa da baylanıslı ekenligin atap ótiw orınlı. Hár qıylı mádeniyatlarda birdey ım hár qıylı talqılanıwı múmkin.

Pedagogikalıq proceste bul ásirese kóp milletli ortalıqta áhmiyetli. Sonıń ushın pedagog noverbal baylanıstıń mádeniy ózgesheliklerin esapqa alıwı zárúr Oqıtıwshınıń dene tilindegi teń salmaqlılıq pedagogikalıq procestiń turaqlılıǵın támiyinleydi. Máselen, hádden tıs aktiv gestikulyaciya agressivlik tásirin oyatıwı múmkin, ulıwma hárekecizlik bolsa biypárwalıq belgisi sıpatında qabıl etiledi. Demek, optimal noverbal minez-qulıq pedagogikalıq ortalıqta psixologiyalıq qáwipsizlikti támiyinleydi.

Psixologiyalıq qáwipsizlik bolsa kelispewshiliklerdiń konstruktivlik baǵdarda sheshiliwine tiykar jaratadı. Pedagogikalıq konfliktologiyada dene tiliniń jáne bir áhmiyetli tárepi - empatiya menen baylanıslılıǵı. Empatik pedagog oqıwshınıń noverbal signalların sezedi hám olardı durıs bahalaydı. Mısalı, oqıwshınıń iyni túsip ketken, kózleri tómenge qaratılǵan bolsa, bul kóbinese túskinlik yamasa isenimsizlik belgisi bolıwı múmkin. Eger pedagog buni intizamsızlıq dep qabil ece, kelispewshilik itimalı artadi. Kerisinshe, qollap-quwatlawshı ton hám ashıq dene poziciyası jaǵdaydı unamlı tárepke ózgertedi. Solay etin, empatiya hám dene tili óz ara tıǵız baylanıslı bolıp, kelispewshiliklerdi jumsartıw quralı sıpatında xızmet etedi. Pedagog oqıwshınıń júzinde payda bolǵan qısqa narazılıq yamasa qorqıw kórinisin sezse, jaǵdaydı tereńirek talqılawı múmkin. Bul bolsa kelispewshiliktiń aldın alıwǵa járdem beredi.

Mikroekspressiyalardı anıqlaw joqarı dárejedegi baqlawshılıq hám psixologiyalıq sezgirlikti talap etedi. Dene tiliniń konfliktologiyalıq áhmiyeti topar dinamikasında da kórinedi.

Klass jámáátinde ayırım oqıwshılar narazılıqtı ashıq bildirmewi múmkin, biraq dene háreketleri arqalı ulıwma keypiyattı bildiredi. Mısalı, bir waqıttıń ózinde bir neshe oqıwshınıń kózin alıp qashıwı yamasa arqaǵa súyenip otırıwı temaǵa qızıǵıwshılıq páseygenligin bildiredi.

Bul bolsa keleshekte intizamıy kelispewshilikke alıp keliwi múmkin. Pedagog bunday signallardı óz waqtında sezip, metodikalıq usılın ózgertse, jaǵdaydı konstruktiv jolǵa baǵdarlaydı. Dene tiliniń pedagogikalıq konfliktologiyadaǵı áhmiyeti sanlı bilimlendiriw ortalıǵında da óz áhmiyetin saqlap qaladı. Onlayn sabaqlarda kamera arqalı uzatılıp atırǵan bet kórinisi, kóz qarası hám dawıs tonı oqıwshılardıń dıqqatın basqaradı. Sonday-aq, dene tiliniń gender hám jas ózgeshelikleri de konfliktologiyalıq processke tásir kórsetedi. Jas oqıwshılar mimikaǵa sezgirirek bolsa, óspirimler dene aralıǵına kóbirek itibar beredi. Ayırım jaǵdaylarda óspirimler pedagogtıń jaqın keliwin qadaǵalaw yamasa basım sıpatında qabıl etiwi múmkin.

Sonıń ushın jas psixologiyasın esapqa alǵan halda noverbal strategiyanı tańlaw áhmietli.

Pedagogikalıq konfliktologiyada dene tilin úyreniwdiń metodologiyalıq tiykarları baqlaw, videoanaliz hám refleksiv analizge tayanadı. Sabaq barısın jazıp alıp, oqıtıwshınıń óz dene tilin analiz qılıwı kásiplik rawajlanıwǵa járdem beredi. Bunday qatnas pedagogtıń ózine salıstırǵanda sın kózqarastan pikirlewdi rawajlandıradı hám kelispewshiliklerdi azaytıwǵa xızmet etedi.

Joqarıdaǵılardan kelip shıǵıp, pedagogikalıq konfliktologiyada dene tili tek ǵana kommunikativ qural yemes, al sociallıq-psixologiyalıq basqarıw mexanizmi sıpatında kórinedi.

Ol konflikttiń payda bolıwına da, onıń konstruktivlik sheshiliwine de tikkeley tásir etedi.

Sonıń ushın pedagogikalıq tayarlıq procesinde noverbal sawatlılıqtı rawajlandırıw ayrıqsha orın tutıwı lazım. Pedagogikalıq konfliktologiyada dene tiliniń tereńirek talqılawı sonı kórsetedi, noverbal baylanıs insannıń sana astı procesleri menen tikkeley baylanıslı. Kóbinese shaxs óz dene háreketlerin sanalı túrde basqarmaydı; olar ishki emocional jaǵdaydıń tábiyiy kórinisi sıpatında payda boladı. Bilimlendiriw ortalıǵında bolsa bul process jáne de quramalasadı, sebebi pedagog turaqlı túrde qadaǵalaw, bahalaw hám basshılıq funkciyaların orınlaydı. Bunday sharayatta ishki zorıǵıw, sharshaw yamasa nervallıq tikkeley dene tilinde sáwlelenedi hám oqıwshılar tárepinen seziledi.

Oqıwshı kóbinese oqıtıwshınıń keypiyatın onıń sózinen emes, bálki júz belgisi hám dawıs ırǵaǵınan ańlaydı. Sol sebepli konfliktologiyalıq kózqarastan pedagogtıń emocional ózin-ózi basqarıw qábileti noverbal turaqlılıqtıń tiykarǵı faktorı yesaplanadi. Dene tiliniń konfliktke tásirin talqılawda "emocional rezonans" túsinigine ayrıqsha itibar qaratıw kerek. Emocional rezonans - bul bir shaxstıń emocional jaǵdayı basqa shaxsqa awızeki jol menen ótiw procesi.

Eger oqıtıwshı sabaqqa túskin yamasa asaw keypiyatta kirse, onıń mimikası hám háreketleri arqalı bul keypiyat pútkil klasqa tarqalıwı múmkin.

Nátiyjede oqıwshılar arasında turaqsızlıq, diqqat-itibardıń tómenlewi hám hátte jasırın qarsılıq keypiyatı qáliplesedi. Kerisinshe, unamlı emocional fon, ashıq hám isenimli dene poziciyası oqıwshılarda da sonday keypiyattı qáliplestiredi hám konstruktivlik baylanıstı bekkemleydi. Pedagogikalıq konfliktologiyada dene tiliniń áhmiyeti ásirese intizamlıq jaǵdaylarda anıq kórinedi. Intizam buzılıwı kóbinese ashıq qarsılıqtan góre, noverbal narazılıq formasında baslanadı. Oqıwshınıń arqaǵa súyenip qolların ayqastırıp otırıwı, kózin aylandırıwı yamasa betin burıwı - bul signallar ishki qarsılıqtıń kórinisi bolıwı múmkin.

Eger pedagog bunday signallardı sezbese yamasa olarǵa hádden tıs keskin juwap berse, konflikt ashiq basqıshqa ótedi. Sol sebepli noverbal diagnostika pedagogikalıq konfliktologiyanıń áhmiyetli quram bólegi esaplanadı. Pedagogikalıq konfliktologiyada dene tiliniń jáne bir áhmiyetli tárepi - bul orın hám aymaq (aymaqlıq) máselesi. Klass bólmesinde pedagogtıń jaylasıwı oqıwshılar menen bolǵan psixologiyalıq aralıqtı belgileydi. Mudamı doska janında turıw rásmiylikti kúsheytedi, al oqıwshılar arasında júriw birge islesiw ortalıǵın jaratadı.

Biraq hádden tıs jaqınlasıw ayırım oqıwshılar ushın qolaysızlıq tuwdırıwı múmkin.

Sonday-aq, dene tiliniń waqıt faktorı menen baylanıslılıǵın da itibardan shette qaldırıw múmkin emes. Sabaqtıń basında pedagogtıń energiyası hám háreketleri aktiv boliwi múmkin, biraq waqit ótiwi menen sharshaw júzege keledi. Bul bolsa mimika hám dawıs tonlarında kórinedi. Oqıwshılar bunı tez sezedi hám sabaqqa bolǵan qızıǵıwshılıǵı tómenleydi. Eger pedagog óz energiyasın sanalı túrde basqarmasa, kishi narazılıqlar konfliktke aylanıwı múmkin.

Pedagogikalıq konfliktologiyada dene tiliniń tárbiyalıq funkciyası da bar. Oqıtıwshı óziniń is-háreketi arqalı oqıwshılarǵa sóylesiw mádeniyatın úlgi sıpatında kórsetedi. Ashıq hám húrmetli dene poziciyası oqıwshılarda da usınday minez-qulıqtı qáliplestiredi. Kerisinshe, agressiv yamasa suwıq noverbal is-háreketler oqıwshılarda da agressiyanı kúsheytiwi múmkin.

Demek, pedagogtıń dene tili tek ǵana konfliktti basqarıp qoymastan, sociallıq kónlikpelerdi de qáliplestiredi. Kelispewshilikti sheshiw procesinde dene tiliniń kelisimge baǵdarlanǵan formaları ayrıqsha áhmietke ie. Sonday-aq, qollardı ashıq uslaw hám gewdeni sóylesiwshige qaratıw pikirlesiwge tayarlıqtı bildiredi.

Bunday noverbal strategiyalar kelispewshiliktiń keskinligin kemeytedi hám kelisimge keliw imkaniyatın asıradı. Pedagogikalıq konfliktologiyada dene tilin úyreniw zamanagóy bilimlendiriw sistemasında áhmiyetli másele bolip qalmaqta. Sebebi bilimlendiriw ortalıǵında emocional intellekt, kommunikativ kompetenciya hám psixologiyalıq turaqlılıq sıyaqlı faktorlar áhmiyetli orın tutadı. Dene tilin ańlaw hám basqarıw pedagogtıń kásiplik jetikliginiń kórsetkishi.

Ol kelispewshiliklerdiń aldın alıw, oqıwshılar menen nátiyjeli birge islesiwdi ornatıw hám salamat psixologiyalıq ortalıq jaratıwda sheksiz áhmiyetke iye. Solay etip, pedagogikalıq konfliktologiyada dene tili kóp qırlı hám quramalı qubılıs bolıp, ol shaxslar aralıq qatnasıqlardıń sapasın belgileydi, konfliktlerdiń dinamikasına tásir kórsetedi hám bilimlendiriw procesiniń nátiyjeliligin arttıradı. Onıń teoriyalıq tiykarların tereń úyreniw hám ámeliy kónlikpelerdi rawajlandırıw pedagogikalıq jumıstıń ajıralmas bólegine aylanıwı zárúr.

Pedagogikalıq kelispewshiliklerdiń kópshiligi naduris talqılanǵan signallar tiykarında júzege keledi. Mısalı, oqıtıwshı oqıwshınıń kózine tik turıwdı intizamlı qadaǵalaw sıpatında qollanıwı múmkin, biraq ayırım oqıwshılar bunı jeke basım yamasa qáwip sıpatında qabıl etedi.

Bunday jaǵdayda oqıwshı ishki qarsılıq kórsetedi, bul bolsa jasırın konfliktti qáliplestiredi. Sonıń ushın noverbal baylanıs intensivligi jaǵdayǵa sáykes túrde basqarılıwı zárúr.

Kóz benen baylanıs turaqlı, biraq múlayim bolıwı, onda húkimdarlıq yemes, itibar sáwleleniwi kerek. Nervli yamasa asıǵıs háreketler pedagogtıń ishki zorıǵıwın kórsetedi. Bunday noverbal signal oqıwshılarda da tınıshsızlanıw payda etedi. Kerisinshe, háreketlerdiń teń salmaqlı hám ritmli boliwi turaqlılıqtı bildiredi.

Kelispewshilik jaǵdayında áyne háreket ritmin páseytiw, hawaz tembrin jumsartıw hám dene poziciyasın ashıq saqlaw keskinlikti azaytıwǵa xızmet etedi. Bul process ózine tán "noverbal deeskaliaciya" mexanizmi sıpatında isleydi. Pedagogikalıq konfliktologiyada dene tiliniń refleksiv analizi óz aldına metod sıpatında qaraladı. Refleksiya - bul óz is-háreketlerin analizlew hám bahalaw procesi. Muǵallim konflikt jagdayınan keyin óz dene tilin eslep, qaysı háreket keskinlikti kúsheytkenin yamasa kerisinshe jumsartqanın anıqlawı múmkin. Bunday talqılaw keleshektegi jaǵdaylarda sanalı túrde durıs strategiya tańlaw imkaniyatın beredi.

Refleksiv qatnas pedagogtıń kásiplik ósiwine xızmet etedi hám kelispewshiliklerdiń qaytalanıw itimalın azaytadı. Dene tiliniń konfliktologiyalıq tásiri bahalaw procesinde de kórinedi. Oqıwshını bahalaw waqtında oqıtıwshınıń mimikası, dene turısı hám dawıs tonı oqıwshınıń ózine bolǵan isenimine tikkeley tásir etedi. Eger bahalaw procesinde pedagog júzinde biypárwalıq yamasa narazılıq kórinisin saqlasa, oqıwshı ózin qádirsiz seziniwi múmkin.

Bul bolsa ishki narazılıq hám keyingi kelispewshiliklerdiń payda boliwina alıp keledi.

Sonıń ushın konstruktiv bahalaw procesinde qollap-quwatlawshı mimika hám ashıq dene poziciyası úlken áhmietke ie. Pedagogikalıq konfliktologiyada dene tiliniń toparlıq jaǵdaylardaǵı roli de keń kólemli. Klasstaǵı lider oqıwshılar kóbinese muǵallimniń noverbal háreketlerin tezirek sezedi hám olarǵa reakciya bildiredi. Eger pedagogtıń dene tilinde anıqsızlıq yamasa isenimsizlik sezilse, bul rásmiy emes liderler tárepinen sınaq sıpatında qabıl etiliwi múmkin.

Nátiyjede intizamlı kelispewshilik júzege keledi. Sol sebepli pedagogtıń gewdesi turaqlı hám isenimli boliwi, biraq agressivlikten awlaq boliwi zárúr. Dene tiliniń konfliktologiyalıq kontekstte jáne bir áhmiyetli tárepi - bul óz ara húrmetti bildiriw. Húrmet kóbinese mayda noverbal detallar arqalı kórinedi: sóylesiwshige júzleniw, bastı jeńil iyiw, sóylep atırǵanda kóz benen baylanıstı saqlaw. Bunday elementler oqıwshıǵa onıń pikiri áhmietli ekenin sezdiredi.

Kerisinshe, sóylesiw dawamında basqa tárepke qaraw, qoldı biypárwa silkiw yaki betti burıw húrmetsizlik sıpatında qabıl etiledi hám kelispewshilikke sebep bolıwı múmkin.

Zamanagóy pedagogikalıq konfliktologiyada dene tilin rawajlandırıw treningleri ámeliy áhmiyetke iye bolmaqta. Bunday psixologiyalıq treninglerde pedagoglar ózleriniń noverbal is-háreketlerin baqlaw, basqarıw hám beyimlestiriw kónlikpelerin rawajlandıradı. Ayna aldında shınıǵıw, videojazıwlardı tallaw hám rolli oyınlar arqalı noverbal kompetenciya asırıladı. Bul pedagogikalıq metodlar kelispewshiliklerdi kemeytiw hám nátiyjeli qarım-qatnastı bekkemlewge xızmet etedi. Pedagogikalıq konfliktologiyada dene tiliniń nátiyjeliligi kóp tárepten pedagogtıń emocional intellekti menen baylanıslı.

Emocional intellekt joqarı bolǵan pedagog óz sezimlerin ańlaydı hám basqaradı, basqalardıń emocional signalların durıs talqılaydı. Bul bolsa noverbal úylesimlilikti támiyinleydi. Solay etip, pedagogikalıq konfliktologiyada dene tili kóp qatlamlı hám sistemalı qubılıs sıpatında kórinedi.

Ol sociallıq roldi qáliplestiredi, bahalaw procesine tásir etedi, topar dinamikasın basqaradı hám kelispewshiliklerdiń rawajlanıw traektoriyasın belgileydi.

**Juwmaq**

Juwmaqlap aytqanda, pedagogikalıq konfliktologiyada dene tili konfliktlerdi túsiniw, aldın alıw hám nátiyjeli sheshiwde áhmiyetli qural esaplanadı. Dene tilin sanalı túrde basqarıw pedagogtıń kásiplik sheberligin arttıradı hám konstruktivlik bilimlendiriw ortalıǵın jaratıwǵa xızmet etedi. Pedagogikalıq konfliktologiyada dene tili bilimlendiriw procesiniń áhmiyetli hám ajıralmas elementi sıpatında kórinedi.

Ol tek ǵana baylanıs quralı emes, al sociallıq-psixologiyalıq basqarıw mexanizmi sıpatında da xızmet etedi. Dene tili arqalı kórinetuǵın ashıqlıq, húrmet hám isenim ortalıqtı turaqlastıradı, kerisinshe, suwıqlıq yamasa agressivlik kelispewshiliklerdiń kúsheyiwine sebep bolıwı múmkin.

Ulıwma alǵanda, pedagogikalıq konfliktologiyada dene tilin tereń úyreniw hám ámeliyatqa engiziw bilimlendiriw nátiyjeliligin arttırıw, salamat shaxslararalıq qatnasıqlardı qáliplestiriw hám turaqlı psixologiyalıq ortalıqtı támiyinlewdiń áhmiyetli shárti esaplanadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Vasylivna, Koshechko Nataliia. "Innovations from educational discipline" Pedagogical conflictology" in professional preparation of students." Научен вектор на Балканите 1 (2018): 59-63.
2. Zhyvko, Zinaida, et al. "Conflict management." Estonia: Scientific Center of Innovative Research (2024).
3. Titarenko, Iryna. "Peculiarities of conducting forum theatre as a method of developing conflict competency of prospective specialists in advertising and public relations." (2017).
4. Aziza, Turemuratova. "KONFLIKT VA UNING KELIB CHIQISH SABABLARI." Новости образования: исследование в XXI веке 3.32 (2025): 465-467.
5. Turemuratova, A. B. "TA’LIMDA PEDAGOGIK YONDASHUVLAR ASOSIDA O’QUVCHIYOSHLARNING KOLLOBORATIV KO’NIKMALARINI RIVOJLANTIRISH MEXANIZMLARI." Inter education & global study 3.4 (2025): 242-250.
6. Abdramanov, S., et al. "GENERAL INFORMATION ABOUT THE HISTORY OF PEDAGOGICAL TRAINING." Modern Science and Research 4.4 (2025): 625-629.
7. Begibaevna, T. A. "USE OF EDUCATIONAL TRADITIONS OF FOLK PEDAGOGY IN FORMING YOUTH WORLD VIEW." EPRA International Journal of Research and Development (IJRD) 8.6 (2023): 266-268.
8. Turemuratova, A., and I. Ostonakulov. "USING PROVERBS AS A WAY OF FOLK PEDAGOGY TO IMPROVE THE KNOWLEDGE OF YOUTH." International Journal of Intellectual Cultural Heritage 2.6 (2022): 60-63.
9. Turemuratova, A. "EDUCATIONAL TRADITIONS IN THE FORMATION OF YOUNG PEOPLE'S WORLD VIEW IN FOLK PEDAGOGY." (2023).
10. Turemuratova, A. "USE OF EDUCATIONAL TRADITIONS OF FOLK PEDAGOGY IN FORMING YOUTH WORLD VIEW." Мировая наука 6 (2023): 75.
11. Turemuratova, A., and B. Temirbekov. "Mustahkam oilani shakllantirishda yoshlarda naql-maqollardan foydalanishning tarbiyaviy-psixologik ahamiyati." (2022).

12. Turemuratova, A. "Har bir xalqning o'z qadriyati bor." (2021).
13. Turemuratova, A., and J. Asamatdinova. "Talabalar qadiriyatqa bag'darlang'anliqti rivajlantiruwda auditoriyadan tis shinig'iwlardin'roli." (2021).
14. Turemuratova, A., U. Uzakbaeva, and D. Nuriyeva. "Basic concepts of family psychology and overcoming psychological problems." Modern Science and Research 4.4 (2025): 104-109.